

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan nyaéta prosédur atawa léngkah-léngkah dina meunangkeun pangaweruh ilmiah atawa élmu nu disusun sacara sistematis pikeun nyusun élmu pangaweruh. Panalungtik kudu bisa nangtukeun métode nu saluyu jeung objék panalungtikanana. Ku ayana métode panalungtikan, bisa mantuan tur ngagampangkeun panalungtik sabab geus aya jalur anu muguhkeun tur teu méngpar tina udagan. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis. Suryana, (2012, kc. 16) nétélakeun yén métode déskriptif nyaéta métode nu digunakeun pikeun néangan unsur-unsur, ciri-ciri, sifat-sifat hiji fénoména. Ieu métodé dimimitian ku ngumpulkeun data, nganalisis data sarta ngainterprestasikeun data. Métode déskriptif dina émprona dilakukeun ngaliwatan: téhnik survey, studi kasus, studi komparatif, studi ngeunaan waktu jeng gerak, analisis paripolah, sarta analisis dokuménter.

Saupama disawang tina jenis data jeung analisisna, ilaharna panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta: (1) Panalungtikan kuantitatif jeung (2) Panalungtikan kualitatif. Ieu panalungtikan téh mangrupa panalungtikan kualitatif atawa sok disebut panalungtikan ngeunaan risét nu mibanda sifat déskriptif sarta leuwih condong ngagunakeun analisis. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu didadasaran ku filsafat postpositivisme, digunakeun pikeun nalungtik objék nu alamiah, (minangka lalawanna nyaéta ékspérimén) di mana panalungtik nyaéta minangka instrumén konci, sarta cara meunangkeun sampel jeung sumber data dilakukeun sacara purposive jeung *snowball*. Salian ti éta téhnik ngumpulkeun datana sacara triangulasi (gabungan), analisis data miboga sifat induktif/kualitatif, sarta hasil panalungtikan kualitatif leuwih nandeskeun kana generalisasi (Sugiyono, 2016, kc. 15).

Dina panalungtikan kualitatif, data nu dikumpulkeun henteu diaping ku tiori, tapi diaping ku fakta-fakta nu kapanggih nalika panalungtikan di lapangan. Ku kituna, analisis data nu dilakukeun miboga sifat induktif. Dumasar fakta-fakta nu kapanggih nu tuluy bisa dikonstruksikeun jadi hipotésis atawa tiori-tiori. Jadi, dina panalungtikan kualitatif ngalakukeun analisis data pikeun ngawangun hiji hipotésis (Abdussamad, 2021, kc. 79-80).

3.1. Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang panalungtikan nu digunakeun minangka palanggeran dina ngalaksanakeun prosés panalungtikan. Désain panalungtikan miboga udagan pikeun méré cecekelan nu jelas sarta ngaruntuy ka panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana. Désain panalungtikan nyaéta kerangka prosedur gawé nu bakal dilaksanakeun dina waktu nalungtik, sahingga bisa méré gambaran sarta pituduh mana nu bakal dilakukeun dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan, sarta méré gambaran saupama hiji panalungtikan geus réngsé dilaksanakeun (Fachruddin, 2009, kc. 213).



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2. Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nyoko kana asal data panalungtikan dicangking tur dikumpulkeun ku panalungtik. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan

nyaéta data primer jeung data sekunder. Saperni nu ditétélakeun ku Sugiyono (2016, kc. 193) yén nu dimaksud data primer nyaéta sumber data nu langsung méré data ka nu ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan, sumber data primér nyaéta, wawancara, dokuméntasi jeung studi pustaka.. Sedengkeun data sekunder nyaéta sumber data nu henteu langsung méré data ka nu ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan, data sekunder nyaéta buku nu judulna *Tembang jeung Kawih*.

Dina ngajawab sababaraha masalah panalungtikan, kamungkinan dibutuhkeun hiji atawa leuwih sumber data, ieu hal gumantung kana kabutuhan data pikeun ngajawab patalékan dina panalungtikan. Pikeun ngagampangkeun idéntifikasi sumber data, Suharsimi Arikunto ngaklasifikasikeun jadi 3 P, nyaéta *person, place* jeung *paper*.

P = *person*, sumber data nu mangrupa jalma, di mana sumber data nu bisa méré jawaban lisan ngaliwatan wawancara tina jawaban tinulis ngaliwatan angkét.

P = *place*, sumber data nu mangrupa tempat, nyaéta sumber data nu midangkeun tampilan nu mangrupa kaayaan cicing atawa gerak, misalna ruangan, kalengkepan, alat, wujud benda, aktifitas, pagawéan, kagiatan diajar-ngajar jeung sajabana.

P = *paper*, sumber data nu mangrupa simbol, nyaéta sumber data nu midangkeun tanda-tanda nu mangrupa huruf, angka, gambar atawa simbol-simbol lianna, leuwih basajanna ilahar disebut métode dokuméntasi.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Sumber data dina ieu panalungtikan dimeunangkeun tina buku nu eusina mangrupa rumpaka tembang . Sangkan leuwih jéntré ieu di handap baris dipedar idéntitas bukuna.

Judul Buku	: Tembang jeung Kawih
Dipilih tur dipanganteuran ku	: Ajip Rosidi
Pamedal	: PT Kiblat Buku Utama
Taun Medal	: 2013

Dina buku *Tembang jeung Kawih* aya 11 (sabelas) judul tembang anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

Tabél 3.1 Daftar Rumpaka Tembang

No.	Judul Tembang	Panyanggi	Pangarang Rumpaka	Kode Rumpaka
1	Papatet	-	NN	TJK/PPT/Kc.26/01
2	Mupu Kembang	-	NN	TJK/MK/Kc.28/02
3	Degung Manintin Sérang	-	NN	TJK/DMS/Kc.30/03
4	Manangis	-	NN	TJK/MNG/34/04
5	Dangdanggula	-	NN	TJK/DDP/Kc.44/05
6	Dangdanggula	-	NN	TJK/DN/Kc.45/06
7	Pangrawit	-	NN	TJK/PRW/Kc.52/07
8	Pamuradan	-	NN	TJK/PMR/Kc.53/08
9	Panglenyap	-	Saodah	TJK/PLN/Kc.60/09
10	Sanga Gancang	-	NN	TJK/SG/Kc.64/10
11	Macan Ucul	-	NN	TJK/MU/Kc.65/11

3.3. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka, wawancara, jeung studi dokuméntasi.

3.3.1 Studi Pustaka

Studi pustaka mangrupa cara pikeun meunangkeun data jeung informasi ku cara macaan sumber kayaning buku, artikel ilmiah, jeung sagala rupa hal nu patali jeung panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina studi pustaka nu dilaksanakeun ku panalungtik nyaéta (1) maca rupa-rupa sumber saperti buku, artikel ilmiah, jeung sagala rupa hal nu patali jeung panalungtikan, (2) nalaah kalawan gembheng sumber data nu jadi bahan panalungtikan nyaéta unsur toponimi dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran, jeung (3) masing-masingkeun sarta nyirian bahan bacaan nu bakal digunakeun dina panalungtikan.

3.3.2 Wawancara

Wawancara angrupa salasahiji téhnik pikeun meunangkeun informasi atawa data dina hiji panalungtikan. Téhnik wawancara digunakeun ku panalungtik pikeun nyangking informasi jeung data ngeunaan rumpaka tembang Sunda Cianjuran ka para ahli toponimi nu bisa ngajawab tina rupa-rupa patalékan nu diajukeun. Carana nyaéta nepikeun patalékan nu patali jeung panalungtikan. Udaganana sangkan

leuwih mikanyaho ngeunaan hal nu ditanyakeun ka narasumber utamana ngeunaan unsur toponimi nu nyangkaruk dina rumpaka tembang.

3.3.3 Studi Dokuméntasi

Studi dokuméntasi mangrupa cara dina meunangkeun informasi ku cara nyatet, ngarékam sora, jeung motrét gambar ti narasumber panalungtikan. Alat nu digunakeun dina studi dokuméntasi mangrupa barang elektronik kayaning *hanphone*, *laptop*, jeung kaméra SLR. Udagan ayana studi dokuméntasi nyaéta pikeun ngabuktikeun yén panalungtikan nu dilaksanakeun téh asli, lain panalungtikan rékaan atawa meunang plagiarisme.

3.4. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis kalawan ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Anapon téhnik ngolah data ngagunakeun analisis: (1) téhnik analisis struktur puisi jeung (2) téhnik analisis unsur toponimi.

1) Téhnik Analisis Struktur Puisi

Analisis struktur puisi dina tembang Sunda Cianjuran ngawengku dua unsur, nyaéta struktur fisik jeung struktur batin. Struktur fisik ngawengku tata rupa (tipografi), diksi, imaji, kecap kongkrit, basa figuratif, jeung verifikasi. Anapon struktur batin ngawengku téma, rasa, nada jeung amanat.

2) Téhnik Analisis Unsur Toponimi

Analisis unsur toponimi dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran dibagi jadi dua, nyaéta aspék fisik jeung aspék non-fisikal. Dina aspék fisik ngawengku unsur hidrologis, géomorfologis, jeung unsur biologis. Dina unsur biologis dibagi jadi dua nyaéta flora jeung fauna. Anapon aspek non-fisikal ngawengku dua aspék, nyaéta aspék sosial jeung aspék kultural.

3.5. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat évaluasi nu digunakeun dina meunangkeun data nu ditalungtik kalawan hasil nu bisa diukur ku standar nu ditangtukeun saacanna ku panalungtik (Siyoto, 2015, kc. 76). Instrumén

panalungtikan anu digunakeun nyaéta pedoman wawancara, kartu data jeung alat rékam.

3.5.1. Wawancara


Pedoman wawancara minangka salasahiji instrumén panalungtikan digunakeun pikeun meunangkeun data ti informan, nu eusina ngeunaan idéntitas informan jeung sawatara patalékan nu patali jeung unsur toponimi. Anapon formulir informan, daftar patalékan, jeung form hasil data wawancara katitén dina sababaraha tabél ieu di handap.


Dina ieu panalungtikan, aya informan nu bakal ngeuyeuban eusi tina ieu panalungtikan. Anapon tabél formulir informan bisa katitén dina tabél 3.2 ieu di handap.

Tabél 3.2 Formulir Informan

Daftar Informan		
Nomer	:	
Wasta	:	
Wanda Baga	:	
Yuswa	:	
Kalungguhan	:	
Panganjrekan	:	

Tabél 3.3 Daftar Informan

No	Foto	Data Informan jeung Résponden
1		Wasta: Tatang Setiadi Wanda Baga: Pameget Yuswa: 68 taun Kalungguhan: Budayawan Panganjrekan: Jl. Suroso No.58, Solokanpandan, Kec. Cianjur, Kab. Cianjur.

No	Foto	Data Informan jeung Résponden
2		<p>Wasta: Etti Rs Wanda Baga: Istri Yuswa: 64 taun Kalungguhan: Sastrawan Panganjrekan: Jl. Suroso No.58, Solokanpandan, Kec. Cianjur, Kab. Cianjur.</p>
3		<p>Wasta: Ahmad Suya Wanda Baga: Pameget Yuswa: 53 Kalungguhan: Budayawan/ Pupuhu Padépokan Medang Kamulyan Panganjrekan: Dusun Gelembung. RT 02/04, Désa. Mandalahérang, Kec. Cimalaka, Kab. Sumedang</p>

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngajukeun patalékan ka informan atawa jalma anu dianggap maham tur ngarti kana dinya tembang. Anapon patalékan dina ieu panalungtikan bisa katitén dina tabél 3.3 ieu di handap.

Tabél 3.4 Pedoman Wawancara

No.	Pedoman Wawancara
1	Kumaha kasang tukang ngaran patempatan nu aya dina ieu rumpaka?
2	Naha aya bukti carita nu ngarojong kana ngaran ieu tempat nu aya dina rumpaka?
3	Naon motivasi pangarang ngasupkeun éta ngaran tempat kaana karya tembangna?
4	Naha aya bukti carita nu ngarojong kana ngaran tempat nu aya dina ieu rumpaka tembang?
5	Naon harti tina ngaran tempat nu aya dina ieu rumpaka?
Jawaban	

3.5.2 Kartu Data

Kartu data minangka salasihiji instrumén panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu dianalisis sarta némbongkeun pidangan nu geus nyampak. Anapon kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan dibagankeun ieu di handap.

1) Format Tabél Struktur Lahir

Struktur lahir atawa fisik nyaéta struktur nu katangen sacara visual. Struktur fisik ngawengku (1) tata rupa (tipografi), (2) diksi, (3) imaji (implengan, (4) kecap kongkrit kecap nyata, (5) basa figuratife (gaya basa) jeung (6) vérifikasi nu masing-masing tabélina katitén ieu di handap.

Tabél 3.5 Tata Rupa (Tipografi)

Kode	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan	Guru Wilangan

Tabél 3.6 Diksi

No.	Diksi	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.7 Imaji

No.	Imaji	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.8 Kecap Konkrit

No.	Kecap Konkrit	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.9 Basa Figuratif

No.	Basa Figuratif	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.10 Verifikasi

No.	Verifikasi	Cutatan	Kode Data

2) Format Tabél Struktur Batin

Struktur batin mangrupa ébréhan eusi haté pangarang. Hakékat dina puisi miboga unsur-unsur nu tangtu. Nu kaasup struktur batin, di antarana (1) téma, (2) rasa, jeung (3) nada nu masing-masing tabélna katitén ieu di handap.

Tabél 3.11 Téma

No.	Téma	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.12 Rasa

No.	Rasa	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.13 Nada

No.	Nada	Cutatan	Kode Data

Dina pupuh aya anu disebut struktur formal, nyaéta nu patali jeung guru lagu ogé guru wilangan. Ku kituna pikeun ngampangkeun dina nangtukeun éta struktur formal pupuh bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.14 Kartu Data Unsur Rumpaka

Kode	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan	Guru Wilangan

Ngaran patempatan asalna tina hal nu béda-béda. Ku kituna ayana tabél ieu di handappikeun masing-masingkeun ngaran tempat dumasar carita asal-muasalna.

Tabél 3.15 Analisis Data Rumpaka Toponimi Dumasar Aspék Fisikal

No	Cutatan Rumpaka	Aspék Fisikal			Kode Data
		Hidrologi	Geomorfologi	Biologi	

Tabél 3.16 Analisis Data Rumpaka Toponimi Dumasar Aspék Non-Fisikal

No	Cutatan Rumpaka	Aspék Non-Fisikal		Kode Data
		Sosial	Kultural	

3.5.3 Alat Rékam

Alat rékam minangka salasahiji instrumén panalungtikan digunakeun pikeun ngarékam audio jeung video, kitu ogé motrét foto nalika kagiatan wawancara lumangsung. Udagan éta alat téh pikeun nyingkahan hal-hal nu teu diharepkeun. Saperti poho dina ngumpulkeun data atawa aya data nu leungit. Salian ti éta, ieu hal ogé bisa jadi ciri yén hiji panalungtikan téh asli lain rekaan. Alat rékam nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta alat rékam nu mangrupa *handphone* jeung *laptop*. Kaméra nu digunakeun nyaéta kaméra tina *handphone* jeung kaméra SLR.